Koendjoek.

Ngoendjoeki hoeningo bilih wekdal samoewan kawontenanipoen habdi-
dalem kontjo ringgit sami wiloedjeng boten kirang satoenggal poeno-
po, wonten kontjo satoenggal kalih hingkang badanipoen kirang sako-
tjo namoeng sampoen ladjeng saget kijat saking paringdalem djampi.
Wondene menggah kawontenanipoen paringdalem tjadong hingkang ka-
paringaken kontjo sadojo sampoen boten koetjiwo ngantos handadosa-
ken soeko bingahing kontjo sadojo hawit saking kaloeberan koetjah-
dalem hingkang boten kikirangan saget hangloeberi dateng hakrabi-
poen hingkang wekdal poeniko sami toemoet ningali, katah kontjo
hingkang sami nglahiraken ginem sewoe sembah noewoen hawit roemahos
dipoen sloedah sakadjengipoen, dados hing wekdal wahoe boten wonten
ginem hingkang njedihaken kadjawi hamoeng soeko lan bingah sadojo.
Kadjawi saking poeniko soedijan paringdalem tjadong wahoe hoegi sa-
get hangloeberi dateng kontjo sanes-sanesipoen, kadosto golongan
midji, poenokawan toewin sanes-sanesipoen hingkang sami sowan wra-
din boten wonten hingkang ginem prakawis tedo sadojo saget toewoek
nedo lan ngoendjoek hoetawi ees saking paringdalem soedijan wahoe,
hamoeng kontjo hingkang sami tjahos hing gedong srikojo hing wek-
dal wahoe hingkang boten katingal, sarto hoegi wonten kontjo ni-
jogo kraton hingkang sowan bekti hoegi sampoen ladjeng karembag ka-
lajan boten kikirangan.

Kadjawi saking poeniko habdidalem ngoendjoekaken pratelan telasi-
poen kagoengandalem harto hingkang habdidalem tjepeng kados hing
ngandap poeniko:

Habdidalem nampi paringdalem		f100.-
Kagem wragat sadjen katampi Ng.Wirjodjawoto	f 2.50	
,, paring gandjaran kontjo langenprodjo tjatjah 24 hidji a f0.75	18.-	
kagem paring gandjaran kontjo Reksowibowo tjatjah 26 hidji a f0.50	13.-	
idem kontjo lampoen 1 hidji a f0.50	0.50	
(kontjo lampoen hingkang 1 sakit)		
Kagem njekapaken betjer halit-halitan	2.-	36.-
Kantoen Koendjoek		64.-

Koendjoek, 16 October 1930

Habdidalem poen

Soesrosoedarmo

PUSAKA KUALAMAT